

OU DWE SÈTEN DE BONDYE



E Sa te li konsa:

Yon pwofèt yo te rele Eli, moun lavil Tichbe . . . nan zòn Galarad, di wa Akab konsa: Nan non SEYÈ m'ap sèvi a, Bondye vivan pèp Izraèl la, men sa m'ap di ou: Pandan twa lanne k'ap vini yo, p'ap gen lawouze, p'ap gen lapli si se pa mwen ki mande sa.

Aprè sa, SEYÈ a pale ak Eli, li di l konsa:

Kite kote ou ye a, ale nan direksyon solèy leve. Al kache toupre ravin Kerit—Kerit, (mwen vle di) la ki sou bò solèy lève larivyè Jouden.

W'a jwenn dlo nan ravin lan pou ou bwè. Mwen bay kaw yo lòd pou yo pote manje ba ou . . .

Eli fè sa SEYÈ a te di l fè a. Li pati, l'al rete toupre ravin Kerit la.

Kaw yo pote pen ak vyann pou li chak maten, chak aswè. Li te jwenn dlo pou l bwè nan ravin lan.

Kèk tan aprè sa ravin lan vin chèch, paske lapli pat tonbe nan peyi a.

Lè sa a, SEYÈ a pale ak Eli, Li di l konsa:

Leve non! Ale lavil Sarepta, nan peyi wa Sidon an. Se la ou pral rete kounye a. Mwen bay yon fanm vèv ki rete laba a lòd pou li ba ou manje.

Se konsa Eli leve vre, li pati pou lavil Sarepta. Lè li rive bò pòtay lavil la, li wè yon fanm vèv ki t'ap ranmase bwa. Li rele l, li di l konsa: Tanpri, pote ti gout dlo nan yon veso pou m bwè.

Madanm lan fè sa pou l'al chache dlo a, Eli rele l ankò, li di l konsa: Tanpri, pote yon moso pen pou mwen tou.

Madanm lan reponn li: Mwen pran SEYÈ a, Bondye ou la ki vivan an, pou temwen, mwen pa gen pen tou kwit lakay mwen. Tou sa m genyen se yon ponyen farin frans nan yon ti bòl ak tigout lwil nan yon boutèy. Mwen vin ranmase de ti bwa la a pou m al pare ti sa ki rete m lan pou mwen ak pitit gason m lan. Lè n'a fin manje l, nou pral rete konsa jouk grangou touye nou.

Eli di li: Pa bat kò ou! Ale pare ti manje ou la! Sèlman fè yon ti pen pou mwen anvan, epi pote l vini. Aprè sa, w'a fè yonn pou ou ak . . . pitit gason ou lan.

Paske men pawòl SEYÈ a, Bondye pèp Izraèl la, di: Ti bòl farin frans lan ak ti boutèy lwil oliv la p'ap janm vid

jouk jou mwen menm SEYÈ a m'a fè lapli tonbe sou latè ankò.

Madanm lan ale, li fè sa Eli te di l fè a. Se konsa pandan lontan, ni madanm lan, ni pitit gason l lan, ni Eli, yo tout jwenn manje pou yo manje.

Te toujou gen farin frans nan ti bòl la ak lwil oliv nan ti boutèy la, jan SEYÈ a te mete pawòl la nan bouch pwofèt Eli.

Pou mesaj maten an, avan ke m vwayaje al lòt bò dlo, mwen te chwazi yon tèks, men ni: *Ou Dwe Sèten De Bondye.*

² E kounye a, Seyè, beni Pawòl Ou, alò ke Li pral pale, epi ke SentEspri a kapab sezi espri ak panse nou, pou prepare nou pou vizit Li, piske nou te mande L pou L vini. Paske nou pa vin nan kay Seyè a pou fè wè, osinon pou nou vin wè, men pou nou aprann de Ou, e pou nou konnen fason Ou, ak chemen Ou, ak kòz Ou yo, konsa nou va kapab afwonte pwoblèm lavi yo ak anpil asirans, kan nou sèten de Bondye. Fè sa, Seyè. Nan Non Jezi nou mande sa. Amèn.

³ Sa te dwe on maten tèrib. Li te fè tèlman cho e te gen anpil pousyè, e moun yo te nan lari a, ap mouri grangou, tè a te tèlman cho prèt pou pran dife. Tou sa sete konsekans peche yo ak debanday moral yo.

⁴ Ou wè, lè sa, Akab te wa nan—nan Izraèl osinon sou Izraèl, e se li k te pi mechan nan tout wa Izraèl yo. Pat gen wa ki te pi mechan ke Akab, paske li menm, menm si yo te anseye l e ke l te konn mye, li pa janm manke kontinye ap derespekte Bondye nan tou sa l tap fè. Menm si l te gen yon gwo sistèm militè, e ke moun yo te nan pwosperite sou rèy li, men, kan menm, ou pa kapab ap derespekte Bondye e espere chape pandan lontan.

⁵ Anplis, nan maryaj li, olye pou l marye pwòp moun parèy li, li te sòti al marye yon pechrès, yon idolat, youn kap adore idòl. Li te marye ak Jezabèl. Li pat yon kwayan.

⁶ Epitou ankenn kwayan pa janm dwe marye ak yon enkwayan, kèlkeswa sikonstans lan. Yo dwe toujou marye ak kwayan.

⁷ Men Akab li te fè bagay pabon sa a. Epi se san grate tèt ke Jezabèl se te yon bèl fanm. Konsa li te tonbe pou aparans li, olye pou sa li te ye. Se, gen tèlman moun ki fè menm erè sa jiska jodi a.

⁸ Konsa li te mennen idolatri lan nasyon an, pami moun yo. Epi moun yo, prèt yo, predikatè yo, yo te sikonbe anba gwo presyon k alamòd sa a.

⁹ E sa se fotokopi menm jan peyi nou an ye jodi jodi a. Nou sikonbe anba presyon k alamòd sa a. Se san grate tèt ke prèt yo te panse ke pa tap gen pwoblèm, toutotan gouvènman yo te apwouve sa. Men pe enpòt si gouvènman apwouve l, sa dwe sa

ke Bondye apwouve. E moun yo te panse ke sa te ka oke si yo te pran davans sou kèk bagay monden pa yo.

¹⁰ E ou kapab mande m pou m byen eksplike sa m te fèk di la, ke se fotokopi parèy parèy ak jodi a. Petèt nou kapab panse ke nou pa moun k ap adore idòl, men se sa nou ye. E gouvènman an apiye sa. Moun lan tan jodi a se adoratè idòl, paske yo—yo adore idòl. Genyen ladan yo ki adore vedèt sinema, kòm idòl yo. Genyen ki adore lajan, kòm idòl. E gen kèk ki adore vedèt televizyon, kòm idòl. Men tout sa ou mete anvan Bondye se yon idòl, kèlkeswa sal te ka ye a.

¹¹ Menm li Satan, gwo advèsè nou an, li tèlman yon mastèbrenn, ke, pafwa, li menm mete legliz anvan Bondye. Ou kapab gen yon gwo legliz. Li kapab yon gwo bilding, osinon se kapab yon gwo denominasyon. E, anplis, li kapab yon gwo asanble, men pa kite anyen vin anvan Bondye, nan kè ou. Nenpòt bagay ki vin anvan Bondye, se yon idòl.

¹² E moun sa yo te konnen yo pat esprityèl tankou l te konn ye, sou rèy lòt wa yo. Epitou yo te panse, ke jis paske yo te yon nasyon relijye, ke tout bagay ta dwe oke. E se konsa nou te rive lan pwen sa a tou.

¹³ Kèk mwa pase m tap pale ak yon trè bon zanmi m. E li te di: “Frè Branham, m kwè ke ou malmennen Etazini twòp.” Li te di: “Ou toujou ap denonse peche e kòman tou Bondye pral pini nasyon sa a.”

¹⁴ Mwen te di: “Li dwe fè sa, pou L ka jis.”

Li di: “Men Frè Branham, ou bliye ke nasyon sa fonde sou Lèzekriti. E ke zansèt nou yo te vin bò isit la, ke Bondye te ba nou eritaj sa. E ke nou se yon nasyon relijye.”

¹⁵ Mwen di: “Se vre, tou sa. E pèsonn pa konnen kouman m apresye nasyon sa a! Men, gade, frè mwen, Izrayèl tou Bondye te chwazi l, e Li te voye pwofèt ak gran zòm ba li. Men Bondye pakab tolere peche. Li te fè Izrayèl rekòlte chak grenn li te seme. E si Li fè Izrayèl rekòlte chak grenn li te seme, Li va fè nou rekòlte sa nou seme tou. Li pap achte figi pèsonn.”

¹⁶ E nou te rive kote ke nou panse ke paske nou apiye sou sa zansèt nou yo te fè, ou sou sa ke gran fondatè legliz nou yo, gwo sakrifis yo te fè pou Bondye, tou sa se kòrèk ak anpil apresyasyon, men nou pakab benefisyè sali apati sa yo te fè! Sali se yon bagay endividyèl ant chak moun e Bondye. Pa avèk nasyon nou, pa avèk legliz nou, men avèk noumenm devan Bondye, nou reponn.

¹⁷ Sa rive nan yon pwen nan peyi nou an, kote ke pami moun ki pi esprityèl ke nou genyen yo, konsidere kèk gason ak fanm esprityèl, w ap jwenn ke nan kè yo gen yon bagay ki manke.

¹⁸ Nou tap, pandan semèn pase yo, mwen tap fè yon rale sou bagay sa yo, poum te jwenn ke pami lè zòm ke mwen te panse ki

solid yo, mwen jwenn malgre tou ke yo mete plis efò sou bagay kap pase, pou ap mache di: “Bondye banm pi gwo *tèl e tèl* bagay. Bondye bay. . .” Ou sou blòf.

¹⁹ Gwo bagay materyèl se pa toujou nan volonte Bondye. Bondye fè lapli tonbe sou moun ki jis ak moun ki pa jis. Men sa ke monn lan bezwen jodi a se pa on fwa ki sou blòf, kap eseye blofe tèt ou nan on bagay ke ou konsidere ki espiritiyèl.

²⁰ Pafwa fwa va fè gwo mirak, men kan menm sa pa vini de yon kè ki espiritiyèl. Eske Seyè a pat di? “Anpil va vin kote M, jou sa, pou di, ‘Eske M pat fè *sesi sela*, nan Non Ou?’ E Mwen va di yo, ‘Wete kò nou kote M, ou menm ouvrye inikite.’” Se ki sa inikite ye? Se yon bagay ke ou konnen ki jis pou w fè men ke ou pa fè. “M pat janm konnen w,” Li va di. E n ap viv nan jou sa a.

²¹ Sa nou bezwen jodi a se pa on bann bagay materyèl. Nou gen sa. Nou pa bezwen pi gwo legliz. Nou pa bezwen pi gwo asanble. Nou pa bezwen plis pwogram radyo ak televizyon. Nou pa tèlman bezwen pi plis bagay sa yo. Men sa nou bezwen jodi a, pou nou espiritiyèl, se moun ki kapab rete piti devan Bondye, menm si yo pa gen yon penich, e ki kapab priye jiskaske espri sa ki anndan yo a satisfè avèk bonte Bondye, konsa yon revèy va komanse anndan kè yo, sa va chanje atitid ak anbyans kote yap viv la.

²² Ou kapab petèt pa gen on pè soulye pou met nan pye w, rad sou ou kapab dechire, men gen yon bagay nan kè w kap chante melodi Bondye yo. M ta prefere gen sa ke tout lajan nan monn lan.

²³ Kifè ou pakab di ke bagay natirèl se toujou siy benediksyon Bondye. David te koze sou sa ak Seyè a, ke li te wè mechan an tap layite l. . . tankou yon gwo pye lorye. Men Bondye te mande l: “Eske w te siveye l jiska lafen?” Pe enpòt bon rad ke nou mete, kantite manje nou genyen, se pa sa ki pral nan Prezans Bondye. Kò sa a ke nou abite ladann nan, ap peri, kèlkeswa jan w ta pran swen l. Men se nanm ki nan lòm nan; se kondisyon espri a ki va ale nan Prezans Bondye vivan an.

²⁴ Men nou pran tout bagay pou anyen. Nou panse jis paske nou se yon nasyon. . . Menm jan ak Akab ak tout Izrayèl, nan tan sa, ki te konn pran bagay yo pou anyen, ke tout bagay te kòrèk. Prèt ak tout predikatè pa yo a te konn eseye di yo: “Tout bagay byen. Tout bagay jis oke.” Men yo te gen youn, li te konn ap denonse bagay ki mal, paske sila li te konnen ke yon Bondye sen pa ka dakò avèk tandans modèn yon relijyon enpi.

²⁵ Menm jan an Bondye nan Syèl la rete konsa tou jodi a. Nan tout efò nou yo ak gwo bagay ke nou eseye fè, Bondye pap janm pran plezi apa nan yon vi konplètman sanktifye devan L.

²⁶ Nou kapab konstwi lekòl, ôfelina, ak tanp. Nou kapab genyen ôganizasyon. Nou kapab fè gwo pakèt bagay, men malgretou Bondye pap satisfè jiskaske nanm lòm pa vini

sanktifye sou lotèl Bondye a, konsakre pou zèv Bondye. E ou pa jwenn sa ankò.

²⁷ Ou jwenn ke reyinyon priyè nou yo tèlman fèb, jis apèn yon minit priyè, kouri nan kabann. Nou konstate ke sa rive apèn youn ou de fwa nan jounen an. Konsa, nou tout koupab. Nasyon nou an, moralman, an dekadans. Nou gen yon bann Billy Grahams ak Oral Roberts toupatou. Men jiskaske yon swaf va vini nan kè Amerika, pou fè l retounen ankò bò kote yon Bondye vivan, yon ekperyans tout bon, yon fwa ki pap mouri nan yon Bondye vivan, nou sèlman ap chifonnen sèvo nou, jan yo konn di l la.

²⁸ Nou kapab ap mache gonfle lestomak nou, avèk kòl chemiz nou vire lanvè, ap mache nan lari, renmen lè ap rele n “Doktè” osinon “Reveran.” Nou kapab se pastè pi gwo legliz nan peyi a, nou kapab sen pase sa w pa konnen, jiskaske pèsonn pakab menm lonje dwèt sou vi nou. Men pazavan ke nanm sa a ki anndan nou an pap pran dife pou Bondye, pazavan on bagay anndan la a, ap soupire pou Li! “Menm jan yon bèt anvi bwè dlo larivyè, se konsa mwen anvi wè Ou, Bondye.” Pazavan nou rive nan jan de eksperyans sa a!

²⁹ Kifè, kominis, ak lòt bagay konsa, ap pwogrese jan yap fè l la, e tout mete ansanm ke nou va eseye fè pap janm fè l rete. Sa te predi ke lap rive. Men Bondye ap rele Legliz Li.

³⁰ O ti fanm sa a te dwe nan menm kalib ak Eli! Paske, dabitid zak ou montre ki moun ou ye. E, ankò, li te chwazi pou l pran swen pwofèt Bondye a. Sonje, li te yon Payèn, li pat Jwif.

³¹ E li te fè yon gwo chalè cho. E pa gen grate tèt ke ti fanm sa a, pou jan de kalib moun li te ye a, pou jan tip de kwayan li te ye a. . . Paske nou wè ke Bondye patap fè apèl a li, si li pat youn ki te diy pou pran swen pwofèt Bondye a. Kifè Li pa tap janm voye pwofèt Li nan yon kay ki pa diy.

³² Se pat chwa pa l. Se te chwa Bondye. Se pat fanm lan ki tap envite li. Se te Bondye ki te envite l. Li te pran plas li bò yon ti kouran dlo. Kòbo yo te konn ba l manje. Men se lòd Bondye ke yon bagay te dwe rive. E se sèten ke Bondye te al kote yon kwayan ki gen menm nati avèk Eli.

³³ Li te yon fanm vè. E nou tout nou konnen kisa li, yon fanm vè, te dwe travèse, avèk mari l ki te mouri e yon jenn ti gason pou elve.

³⁴ E nan peyi laba sa yo, yo te depann de rekòlt yo. Yo pat gen pwojè menm jan avè nou jodi a, e—e defans pou plant. Yo te depann de rekòlt yo. E paske inikite moun yo, ak dekadans moral yo, te atire move sò sou peyi a, yo tout te la ap mouri grangou.

³⁵ E alò nou jwenn san grate tèt ke li te priye nwit aprè nwit, tout lannwit, pandan ke l te kòmanse wè barik manje a ap desann, desann, desann. E sa dwe te rive nan yon pwèn kote ke pat menm genyen yon lòt gode manje nan barik la. Tout sa li te

genyen se te jis yon ti ponyen. Lanmò te sou pwen rive jis jis nan pòtay kay la, nan papòt la. Paske pat gen fason pou te gen plis. Tout nasyon an tap mouri ak grangou.

³⁶ E, lwil la, se te jis yon bon kiyè ki te rete nan ti poban an. Te jis genyen ti kantite lwil sa ak ti kantite farin sa ki te separe l avèk lanmò. Li dwe te vin vrèman sensè konsènan priyè l yo. Kite sa frape kay ou, sa va vin on tijan pi sensè ke nou ye maten an la, kan nou konnen ke lanmò tabli nan papòt la.

³⁷ E Mwen kwè, petèt, nou te ka panse, petèt, a sa, ke li te lapriyè pandan tout nwit lan, paske yon jounen ankò e se te fini. Petèt li tap gade bouch blanch ti gason twa katran l lan. E li te kapab wè pwòp zo kò li griyen, pandan ke chè sou kò l tap depafini. E sa te dwe yon bagay tèrib, pandan ke manman sa, tap gade bagay sa yo ap rive. Men, malgre sa, li tap priye nwit e jou, avèk men l yo devan Bondye: “Bon nou rete sèlman yon ti ponyen farin ak yon ti kiyè lwil.”

³⁸ Ou konnen, se yon bagay ki etranj. Ke Bondye kapab kite sa antre anndan chak moun, si ou pa tadwe janm tande m preche ankò. Ke sa kapab yon mesaj. Se etranj, trè trè etranj, ke pafwa Bondye fè bagay yo fason sa a.

³⁹ Ou konnen, kan nou konfese peche nou e ke nou rankontre tout egzijans ke Bondye fè yo. . . Nou te kwè Bondye. Genyen de kondisyon ki dwe rankontre, e sa dwe selon volonte Li. Epi nou konfese peche nou yo, e nou mete tout mechanste ke nou te fè yo, annòd, nou fè tout bagay jan nou konnen sa dwe fèt. Tout egzijans ke Bondye fè, osinon ke Li mande, nou rankontre egzijans sa, e malgretou Li fè silans. Li jis pa reponn nou.

⁴⁰ Mwen sèten ke m ap pale maten an, ak moun, ki rive nan pwen sa. Mwen menm, mwen te rive la, plizyè fwa. Lòske Mwen te retounen dèyè e ke m tap repase vi mwen e ke m te vire chak wòch lanvè, pou m te jwenn ke m te fè sa k pa sa, M konn al konfese l pandan m ap di: “Seyè Bondye, Mwen pral met sa annòd,” e m te konn fè sa. Kifè m te konn retounen ankò pou m di: “Kounye a, Seyè, Ou se Bondye; Ou pral reponn mwen. Se sèten ke mwen rankontre egzijans ke Ou fè m yo. E chak egzijans, mwen rankontre l.” E malgretou Li pa bouje, sanble Li fè silans, se nan moman sa ou dwe sèten ke Li se Bondye. Pa dekouraje. Sèl bagay, sè ke, nan kè w, ou sèten de Bondye.

⁴¹ Sijè mwen an. Ke ou sèten, dabò, anvan w fè kwakseswa. Ke w sèten, nan kè w, ke se Bondye. E kan ou rankontre tout sa ke Li di, sètalo ou sèten ke Li se Bondye, sètalo ke lafwa pral travay, la menm. Lafwa kanpe fèm, paske li konnen ke Li egziste.

⁴² E ou rankontre tout egzijans yo. Ou kwè ke Li egziste, e lafwa kenbe fèm. O, ke Non Li kapab beni! Lafwa pap bouje, paske li sèten ke Bondye egziste, e ke Li ap rekonpanse sa yo k ap chache L tout bon an.

43 Ke sa kapab desann an pwofondè san l pa janm kite w, Branham Tabernacle. Si ou rankontre egzijans Bondye yo, e nan kè w ou kwè ke Li egziste, Bondye fè jis ap teste fwa w, paske Li renmen fè sa. Ou konfese peche w e ou rankontre tout egzijans Bondye fè yo, e malgretou Li fè silans, sonje, lafwa di ke Li egziste. Kifè lafwa kenbe la, san l pa konnen de ki prevyen, men li konnen ke Li egziste, e li sèten ke Li egziste.

44 Kifè, sonje, si Li egziste, Pawòl Li yo dwe laverite. E si Li egzije w rankontre kondisyon sa yo, e ke w fè l, Li oblije pran swen Pawòl Li. Pa fè bak, pou w di: “Enben, m pat janm geri. Mwen. . .” O, pòv ou menm, fwa fèb. Pa kwè sa. Si ou konfese tout bagay, ou deklare tout bagay, ou rankontre egzijans Bondye yo, lafwa kenbe fèm la. Pa gen anyen ka fè l bouje. Li egziste, e ou sèten. “Sa yo kap tann Seyè a va renouvle fòs yo; yo va pran vòl yo avèk zèl èg. Yo va kouri san fatige; si yap mache, yo pap tonbe faya.”

45 Tann, kan ou rankontre egzijans Li yo. Sa lanse fwa ou yon defi. Si w rankontre. . . egzijans Bondye yo te fèt, osinon yo te rankontre, e ke w te konsidere sa seryezman, ke w te fè tout bagay ke Bondye te egzije pou w te fè yo, alò fwa w repoze la menm, ke Li egziste. Ou dwe sèten de Bondye.

46 Ou konnen, Li renmen teste nou. Li renmen wè reaksyon fwa w. Èske w te konn sa? Bondye renmen wè kouman w ap reaji. Kan w di: “O Seyè, mwen kwè W. Ou se Sovè m. Mwen kwè ke Ou se Gerisè a. Mwen kwè ke se Ou Sila Ki bay SentEspri a. Ke bagay m gen pou m fè yo, Ou se Bondye Ki bay sa.” E alò kan ou konfese tout peche w yo e ou pwomèt Bondye sa ke ou pral fè si Li geri w, e paske sa pat rive, w al kache yon kote tankou yon kapon. Bondye pa ka itilize sa. Pa gen ankenn fason pou Li pou L itilize w. Pa gen ankenn fason pou Li pou L reponn ou, paske Li sèlman reponn pa lafwa. Kifè, brip sou kou, ou al fè wout ou, Li pa ka reponn. Men yon fwa reyèl, yon vrè fwa rete la, li sèten ke Bondye egziste. Ou dwe sèten ke Li egziste.

47 E si Bondye egzije ke bagay sa dwe fèt, pou konfese peche w yo, ak lòt konsa, e ke w fè l, lafwa di ke Li egziste, se sèten ke sa pral rive. Demann ou an dwe egzose. O, mwen—mwen espere ke ou pap rate sa. Si ou sèten de Bondye, Bondye sèten de Pawòl Li. Li sèlman ap tann pou teste w.

Li konn fè sa anpil fwa. An nou konsidere youn ou de ka.

48 An nou pran ti mesye Ebre yo. Yo te refize koube devan yon idòl. Bondye te gen konfyans nan yo. E kan yo te tande ke yo te dwe ale nan founèz cho a, yo te di: “Bondye nou an kapab delivre nou de founèz sa. Men si Li pa fè l, nou pap koube devan ankenn idòl nou yo.” Ou wè, yo te si e sèten de Bondye.

49 Yo te konnen ke Li te Jewova. Yo te konnen ke Li te konn reponn priyè. Men ke L te fè l, ke L pat fèl, nan ka yo a, sa tap

dwe pou yon byen. Konsa yo te annik fè deklarasyon yo, yo te konfese peche yo, e yo te mache kontre lanmò.

⁵⁰ Kan yo t ap dirije tèt yo nan founèz cho a, an konesans ke yo te sèten, ke, si Bondye kite yo boule, Li va resisite yo ankò, nan rezirèksyon an. Yo te sèten de Bondye, paske yo te konnen ke Bondye te kapab aranje tout bagay pou byen yo. E kan nou sèten de Bondye, nou konnen ke Bondye ap aranje tout bagay pou byen nou.

⁵¹ Konsa, yo te fè yon sèl deklarasyon. Yo te sèten, e yo te dirije yo tou dwat nan founèz cho a. E Bondye te kite yo al la; te chita, tap gade yo. Li te vle wè reyaksyon yo.

⁵² Kan, wa te di: “Èske nou te koube kan twonpèt la te sonnen?”
Yo te di: “Non. Nou pat koube.” Men fwa ou, kap kenbe fèm.

“Enben, alò, si nou pat koube, èske nou konn kisa m dekrete?”

“Wi, nou konnen sa w dekrete a.”

“Mwen dekrete ke yo va chofe founèz la sèt fwa pi cho ke sa pat janm te konn fèt, e m pral jete nou ladann. Èske nap koube kounye a?”

“Non. Nou pap koube.” Men fwa yo.

⁵³ Bondye di: “Enben, Map wè kisa yo pral fè ak sa. M pral wè jan de reyaksyon fwa yo pwodwi.”

⁵⁴ Konsa li te di: “Mare men yo, e mare pye yo, e kòmanse lage yo nan founèz la.” E yo te mache dwat nan founèz sa, avèk dife sou figi yo. Bondye te toujou kanpe la, ap gade sa. Men yo te sèten ke Li te Bondye. Yo te fè konfesion yo. Yo te fè tout sa ki kòrèk, ke yo te konnen. Yo te sèten ke Li te Bondye.

⁵⁵ Konsa yo te mache tou dwat al nan founèz cho sa a. Jisko dènye moman, men Li ki te sou cheval Li ap galope sot nan syèl, sou charyo van, te fè briz ap soufle sou yo, pandan Li tap konsoule yo e pale avè yo.

⁵⁶ Bondye kite fwa w rive nan yon pwen kote li dwe pwodwi yon reyaksyon.

⁵⁷ Te gen Jòb, nan Ansyen Testaman, kan Satan, akizatè nou, te akize l kòm youn kap peche an kachèt. Men Jòb te konnen li pat peche. Li te konnen ke l te konfese tout bagay ke l te fè, e ke l te ofri yon ofrann boule laba a. Se sa ke Bondye te egzijje. Se tou sa ke Bondye te egzijje, sete yon ofrann boule ak yon konfesion. E Jòb te fè bagay sa yo.

⁵⁸ E Satan te di: “M ap pran chamo l yo, paske li se yon nonm rich. M ap pran mouton l yo.” E finalman li te pran pitit li yo, sak te pi pre kè li.

⁵⁹ Malgretou, Jòb te rete fèm, paske li te konnen ke Bondye, enben, li te sèten ke Li te Bondye, paske li te pale avè L, e li te rankontre egzijans Li yo. Li te repase konsyans li e li te jwenn:

“Mwen te ofri chak ofrann boule. Mwen te di nan kè m: ‘Petèt kan pitit gason mwen yo konn ap fè yon—yon fèt, e ke pitit fi mwen yo te konn ale, petèt ke yo te konn peche an kachèt nan kè yo petèt, kifè map ofri yon ofrann boule pou yo e map konfese mechanste yo a.’”

⁶⁰ O Bondye! Kan yon nonm obsève sa Bondye di pou fè, li sèten ke Li se Bondye, Li dwe reponn. Lafwa rele L vin sou sèn nan, chak fwa.

⁶¹ Kan w fè sa ke w konnen ki kòrèk, kan w te rankontre egzijans Li yo, kan w te konfese ak mete annòd, e w te retounen bay, e w te depoze l devan Bondye. Sa pa deranje m si L rete an silans, Li se toujou Bondye, kap tann pou met fwa sa la a. Ou fè dyòb pa w la, kounye a Li vle wè fwa w pa zèv ou yo. Li vle wè sa w pral fè.

⁶² Si yo te wenn ou ak priye pou ou, Bondye ap tann pou wè sa ke w pral kwè sou sa. Se pa ap kouri Dimanch aprè a, ak jou aprè a, epi jwenn pwochen gerisè kap pase nan vil la. Li ap tann pou wè reyaksyon fwa w. Pa retounen, jou aprè a, pou w di, “M santi m tèlman pa bon, m pa kwè m te geri.” Ou pa dwe nan liy pryè a, pou kòmanse. Ou pa dwe. Ou pa dwe. Ou pako prè, ankò. Ou pa kwè ke Li se Bondye. M pa . . .

⁶³ Ou va di: “Frè Branham, m pa dakò avèk ou.” Pwòp zak ou pwouve sa w ye. “Na rekonèt yo sou sa yap fè.” Si yon nonm di li se Kreyen, e li toujou ap bwè, ap fimen, ap jwe lajan, ap bay blag sal, ap di: “Yon pati nan Bib la kòrèk, lòt pati a pa kòrèk,” li kapab ap preche Levanjil, e renye yon pati Bib la, li se toujou yon pechè. Li poko kòrèk, ankò.

⁶⁴ Men kan ou konfese piblikman ke Bondye se menm Bondye a, e ke vi w lan men L, pou deklare: “Seyè, mwen se ajil; Ou se potye,” alò mande sa w vle. Lafwa pap janm bouje. Li va kanpe dwat la.

⁶⁵ Menm si sikontans yo sanble ap tonbe adwat agoch, men fwa sa a pa janm bouje, paske ou sèten ke Li se Bondye. E si L se Bondye, Li dwe kenbe pwomès Li. Li pakab fè yon pwomès epi kase l. Si L se Bondye, Li dwe kenbe pwomès Li. O, m renmen sa. Li dwe rete ak sa.

⁶⁶ Jòb te prezante ofrann li yo; li te fè tout bagay. Li konnen ke l te kòrèk. E men manm legliz yo ki tap pwoche, kèk legliz lòt denominasyon, yo te di: “Jòb, ou ta fè mye konfese ke w se yon pechè, paske Bondye patap pèmèt ou pini nan eta sa a si w pat yon pechè.”

⁶⁷ Men Jòb te di: “Mwen te fè konfesyon m. M te mete ofrann boule a devan Bondye, e m pa yon pechè.” Li konn kote l te kanpe. Kifè tout bagay te kontinye, jis ale ap kontinye ale, jis pi difisil ke l te kapab, ap eseye rabese Jòb, pou mennen Jòb nan yon pwen kote li te ka renye Bondye e renye ofrann boule sa a. Nan minit menm ke w poze yon jès sou nenpòt sa ke w te konfese, sa montre

feblès ou, dout ou sou Bondye. Mande Bondye nenpòt bagay, epi tonbe pwonmennen ak dout sou sa, alò ou se youn kap doute e non youn ki kwè.

⁶⁸ Jòb te konnen ki kote l te kanpe, e l te rete fèm sou fondasyon sa a.

⁶⁹ Se pa etonan ke Perronet te di, lè li tap mouri:

Sou Kris, Wòch solid la, mwen kanpe;
Tout lòt teren se sab kap bouje.

⁷⁰ Wòch solid konfesyon Jòb sa a, menm madanm cheri li a pat rete kanpe sou li. Kan sante l te fin depafini, e ke tout kòl se te pichon, li te grate kò l epi li te madichonnen jou l te fèt la. Li di: “Pa janm kite limyè solèy klere l! Se pou lalin lan pa janm klere l lannwit.”

Madanm li te di: “Jòb, ou sitèlman nan lamizè. Poukisa ou pa madichonnen Bondye epi mouri w fini?”

⁷¹ Li di: “W ap pale tankou fanm ki ensanse yo.” Li te sèten ke te gen yon Bondye, e ke li te ranpli kondisyon yo. O, mwen santi m ap transpòte. Li konnen ke li te ranpli kondisyon Bondye yo, e sa te regle. Bondye t ap teste fwa li. Li va teste pa w la. Li va teste pa m la.

⁷² Men lè nou ranpli kondisyon Li yo: “Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan Non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n a resevwa Sentespri, kado Bondye a,” sa se pwomès Li a. “Si yon moun nan nou malad, se pou l rele chèf reskonsab yo nan legliz la. Y a lapriyè pou li, y a pase lwil sou li. Lè lapriyè a fèt ak konfyans, li va delivre malad la. Seyè a va fè l leve gaya.” Se regle. “Se pou nou konfese peche nou yo yonn bay lòt, se pou yonn lapriyè pou lòt.” Ou te ranpli kondisyon Bondye yo.

⁷³ “Moun ki va kwè va fè anpil mirak. Y a chase move lespri nan Non Mwen; y a pale lòt lang; yo ta mèt kenbe sèpan, yo ta mèt bwè pwazon, anyen pap rive yo; y a mete men sou tèt moun malad, moun malad yo va geri.” Se regle.

⁷⁴ Ou dwe sèten de Bondye. Asire w, ke nan kè w, ke ou kwè ke sa se Pawòl Bondye. Jòb te konsa.

Madanm li te di: “Poukisa ou pa madichonnen Li epi mouri w fini? Franchman, toutan se pi mal w ap vin pi mal.”

⁷⁵ Se pa ti kras renmen Satan renmen prezante pawòl sa yo devan nou. “Men, ou pa fè mye non depi lè yo te fin pase lwil sou ou a. Ou pa fè mye non depi lè predikatè sa yo te priye pou ou a. Pou kòmanse, predikatè sa yo nan erè.” Sa pa gen anyen pou wè ak predikatè a. Men se fwa w nan Bondye vivan an, ki konte. Se pa sa predikatè a ye a; se sa Bondye ye a. Predikatè a pat janm te fè pwomès la; se Bondye ki te fè pwomès la. Sa pa depann de predikatè a; sa depann de Bondye, epi de fwa pa w pou w kwè ke sa se Bondye. Alò ou dwe sèten de Bondye. Ou dwe

sèten ke se Bondye, e ke se Pawòl Bondye. Epitou Bondye demere nan Pawòl Li.

⁷⁶ E Jòb te di: “Ou pale tankou yon fanm ki ensanse.” Li te di: “Seyè a bay, Seyè a pran; lwanj pou Non Seyè a.” Li te sèten ke Bondye te la.

⁷⁷ Epi lè pawòl sa te fin soti nan bouch li, loraj kòmanse gwonde epi zeklè kòmanse briye. Bondye te vin sou sèn nan. Sa toujou fè L vin sou sèn nan. Sa fè lontan Li fè silans.

⁷⁸ Se sa ke L ap fè. Gade bann Ameriken pitit lanfè sa yo, pakèt ipokrit sa yo ki pral legliz. M pa fache non. Men peche mete an kòlè nenpòt moun k ap mache dwat ak Bondye. M pa fache kont nasyon an non, m pa fache kont moun yo non, men m fache kont dyab la ki lakòz bagay sa yo pou ka rann moun yo avèg.

⁷⁹ Pastè ak predikatè avèg sa yo sitire yo ak yon sòt de ti teyoloji ke lòm fè. Ou dwe fèt yon dezyèm fwa. E Bondye kenbe Pawòl Li. Gade l pou wè jan l ap lolo yo. Ou ta fè mye asire w ke gen yon Bondye. “Y ap fè tankou y ap sèvi Bondye, men yo pa kwè nan pouvwa Bondye a tout bon vre.”

⁸⁰ Ti fanm, pòv sa a, li te konnen ke Li te Bondye. Pandan ke barik la t ap desann, desann, desann, desann, sitiyasyon yo te vin pi mal, toutan. Men Bondye te kite sa ale konsa. Li jis renmen fè sa. Li renmen fè fwa w sibi yon tès, pou L wè kòman w ap reyaji sou sa, Li kite yo fin pase lwil sou ou epi priye pou ou, apre sa fè w vin pi mal. Li di: “Vin isit, Satan, fè l sibi tès la. Mwen konnen ke li kwè nan Mwen.” Ke Bondye kapab beni pou toutan! O la la! [Frè Branham bat men l de fwa—Editè a.] “Fè l sibi yon tès kounye a. Mwen konnen ke li kwè M sou Pawòl.” Èske L ta kapab di sa pou ou?

⁸¹ Li te di sa pou Jòb. Li te di: “Fè sa w vle avèk li, men pa touye l, paske mwen konnen ke li renmen M. Li te prezante ofrann boule a. Li te ranpli kondisyon yo. Li te fè sa ke M te mande l pou l fè a, epi li te mete konfyans li ladann. Kounye a ou mèt fèl pase kont peripesi si w vle.” Li te pran tout byen l yo. Bondye te double yo pou li lè Li te retounen bali yo. Se sèten, L ap fè l.

⁸² Li fè fwa nou sibi yon tès, pou wè si nou kwè vrèman ke Li se Bondye.

⁸³ San di petèt, ti fanm sa, te di: “Mwen te priye. Mwen te priye. Mwen konnen ke m se yon Payèn ki pa merite anyen.”

⁸⁴ Sonje, Jezi te pale de li nan Bib la. Li di: “Èske pat gen anpil fanm vèv nan tan Eli a? Men se kote yon sèl yo te voye l, epi se yon Payèn li te ye.”

⁸⁵ “O,” li di: “mwen te priye.” Petèt, lè li te wè dènye ti gato sa a, lanmò te deja travèse baryè a pou l vin devan pòt kay la. Yon dènye bouche, yon mòso, epi se te lafen pou li menm ak pitit li a. M ka wè l, ap priye, pandan tout lannwit, ak yon van cho k ap soufle, k ap seche latè, epi moun ki nan lari yo k ap kriye rele. Li

te fè yon ti virewon, nan kay la. Li voye je l gade ti gason l lan. Li voye je l gade ti pijama l; li te abimen anpil, ak ti pye l yo tou mèg ki te soti ladann. Lè li te gade pwòp men pa l, tou ride. Li t ap mache ale tounen, men li di: “Mwen konnen ke Li se Bondye. Mwen te konfese tout bagay. Mwen te ranpli tout kondisyon Li yo. M ap reklame lavi pou nou, pou glwa pa Li.” Bondye te wè l.

⁸⁶ Rès lòt yo te sòti pou y al danse yon kote, pou y al fè yo bèl, yo te gen yon espektak alamòd nan televizyon osinon yon bagay konsa, ap flite avèk lemn. Men fanm sa a te rete poukont li ak Bondye.

⁸⁷ Li te vin fè jou. Li di: “Ti pitit la pase tout nwit lan ap kriye pou manje. Kisa m pral fè ak yon ti ponyen farin?”

⁸⁸ Ou konnen, farin sa a se te Kris. Nenpòt moun k ap etidye Bib la konnen ke se Kris ki te Ofrann Farin lan. Epitou Ofrann Farin sa a te dwe moulen ak yon moulen espesyal tou, pou l te ka koupe chak ti grenn mayi menm jan an; paske Jezikri se menm moun lan ayè, jodi a ak pou toutan. E chak kwayan kwè sa epi li repoze l sou sa. Alelouya! Ou mèt kenbe tout vye relijyon frèt ou genyen pou lafòm jan w vle. Men pou mwen, m kwè ke Kris se menm moun lan ayè, jodi a ak pou toutan. Mwen pran pozisyon m nan monn infidèl sa. Mwen kwè toujou ke Li se menm moun lan ayè, jodi a ak pou toutan.

⁸⁹ Moulen sa yo te konn koupe chak ti grenn menm jan, paske Li se menm moun lan. Li se menm Bondye ke Li te ye anvan an, se sa Li ye kounye a, maten an la. L ap toujou menm moun lan. Se sa ke farin lan te vle di.

⁹⁰ Epi lwil la vle di Lespri, tankou nou konnen nan Ezekyèl 4, elatriye. Se poutèt sa nou wenn ak lwil; se Lespri. Kisa sa ye? Tankou Sen Jan 4: “Se moun konsa Papa a vle pou sèvi Li nan Lespri ak Laverite.” Jezi se te Verite a. Li te Ofrann Farin lan, epi lwil sa a se te Lespri. Epitou Lespri, melanje ak Verite a, dwe pwodwi kichòy. Mete yo ansanm, sa bay yon gato. O!

⁹¹ Kote fwa w? Lè Pawòl Bondye a preche nan senplisite Li, men ak Pwisans Li, ke Jezikri se menm moun lan ayè, jodi a ak pou toutan, e ke Pawòl la te bay kòm Farin, ou gen Lwil la pou w melanje avè L. Li kapab jis yon ti ponyen, oswa yon kiyè, men, kèlkeswa sa li ye a, li reyèl.

⁹² Kounye a poukisa l te prepare? Li te prepare pou lakwa. Li te prè pou l bay tèt li an sakrifis. Se sa ke w dwe fè. Si Pawòl la te preche, epi ou genyen Lespri ki melanje avè L, se yon sakrifis pèsònèl k ap fè w nye tout doulè, k ap fè w nye tout maladi, k ap fè w nye tout bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye a, epi k ap fè w pran pozisyon sou sa.

⁹³ Ke doktè a di *sesi, sela*, se lòt bò; sa pa fè ankenn diferans. Ou kanpe sou Sa, paske se Bondye ki di L. Farin lan vini. Ou pran Lwil la. Epi ou melanje Yo ansanm.

94 Bon, m tande yon vwa. Li apèn fin fè jou. Yon vwa te pale, e li te di: “Sòti nan lakou a epi pran de bout bwa.” Èske w fè remake sa a, Ekriti a di “de bout bwa”? Lakwa. Li gen farin lan ak lwil la, men yo pral rele l, pou l pase a laksyon kounye a; poze aksyon avèk sa. Nenpòt kantite ou genyen an, kantite Farin ak Lwil ou bezwen an, men ou dwe poze aksyon; sakrifis pèsònèl.

95 De bout bwa. Nan tan lontan yo pat janm jwenn yon meyè fason pou fè dife. Lè ou pran yon bout bwa ou kwaze l sou yon lòt, ou limen l nan mitan, epi ou rapwoche toulède bout yo. Se konsa Endyen yo te konn limen dife. Mwen te fè dife konsa, yon pakèt fwa, tout lannwit. Mwen jis pran yon bout bwa, m mete l *konsa*, epi yon lòt *fason sa a*, epi mwen jis kontinye pouze yo nan dife a pandan y ap boule.

96 Bout bwa sa a se te kwa a. Bib la di: “De bout bwa.” Vwa a te di: “Al pran de bout bwa nan lakou a.” Menm lè a, sou tèt mòn lan, yon vwa te pale tankou yon loraj ak pwofèt la pou di l: “Desann nan vil la. Mwen kòmande.” O la la! Toulède te obeyi. Yon bagay dwe rive. Toulède t ap obeyi.

97 Si predikatè a preche Pawòl la, e moun ki resevwa L la kwè Li epi li poze aksyon sou Li, yon bagay dwe rive. Si w se yon pechè, w ap sove. Si w malad, ou va geri, paske Bondye pwomèt li, si nou sèten de Bondye.

98 Menm jan se sèten Li se Bondye, se menm jan Li dwe kenbe Pawòl Li. Se sèten! Lè sa a lòd la te bay: “Desann lavil la, paske mwen kòmande yon fanm vè.” Yon vizyon te parèt devan pwofèt la. Men li k ap vini, l ap mache. Li pa konnen ki kote l prale; sa pa fè ankenn diferans. Li jis ap obeyi.

99 Li pa konnen ki kote bout bwa yo pral ye, men genyen de bout bwa yon kote nan lakou a. Li kòmanse mache. Li sòti nan lakou a. Li gade alantou li: “O, se pa tikras chalè!” Pakèt rèl sa yo ki nan lavil la, bann moun ki konn mache trennen lannwit yo t ap vini la a, ap kilbite, pandan y ap bwè diven yo, elatriye. Li voye je l gade nan lari a. Li pa wè anyen. Li jwenn yon bout bwa; yon pati nan kwa a, sakrifis pèsònèl. Li jwenn yon lòt moso, yon bout bwa. Epi lè li fin ranmase dezyèm bout bwa sa a . . .

100 O, sa dwe te yon moman tris, lanmò te lonje kòl nan pa pòt la. Li menm ak pitit gason l lan te gen pou yo manje yon ti moso gato mayi epi mouri. Se te tout bagay la sa. E pafwa, se nan mitan moman tristès sa yo ke nou tande vwa a.

101 Lè li te ranmase dezyèm bout bwa sa a epi li te kòmanse retounen, yon vwa soti bò baryè a, li di: “Pote yon ti gout dlo nan yon veso pou mwen.”

102 Li te vire gade, ak de bout bwa sa yo nan men li, ak farin lan ki te melanje ak lwil la tou pare. Li di ke li te prepare l, melanje l ansanm. Se poutèt sa, Pawòl la ak Lespri a dwe melanje ansanm. Yo dwe blayi sou kwa sakrifis pèsònèl la, pou w ka rejte tout sa k

kontrè a sa ke ou te mande a. Se vre. “Mwen te melanje l, kounye a m pral pran bout bwa sa yo.”

E vwa sa te di: “Pote yon ti gout dlo nan yon veso pou mwen.”

¹⁰³ Li voye je l gade, epi li wè yon nonm ki te kanpe, apiye sou pòtay la, ak machwèl tou mèg, plen bab, tèt chòv, ap gade nan pòtay la, ak yon vye moso po mouton ki te vlope kò l. Li te gen lè yon bon vye lepè janti moun debyen.

¹⁰⁴ Li te di: “M ap pataje dlo m lan avè l.” Dlo Lavi, ou prèt pou w bay tout moun li, di tout moun, ale nenpòt kote. “Tann yon minit, mesye.” Li kòmanse retounen, ak bout bwa yo nan men l.

¹⁰⁵ Epi vwa a te gwonde tankou yon loraj ankò, “Se pa sèlman dlo w la ke w ap pataje, men tou pote yon ti moso pen nan men w.” Pen lavi; dlo lavi! Èske se te lavi? Li te gen pou l mouri osito ke bagay sa yo te fini. “Pote dlo w la ak pen w lan ban mwen.”

¹⁰⁶ Ki sa nou jwenn la a? Ki leson nou ka aprann? “Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan la vi nou, chache viv jan Bondye vle l la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo.”

“Pote on ti dlo ak yon ti moso pen ban mwen.”

¹⁰⁷ Apre sa, li te retounen nan tristès li a. M ka tande l k ap di, yon bagay konsa: “Mesye,” “ou diferan de moun ke m abitye wè yo, ak sa m abitye tande ap pale yo. Ou sanble w tèlman pozitif konsènan sa w ap di a. Men mwen genyen ase farin sèlman, jis yon ti ponyen, ak yon ti kiyè lwil. M fin prepare l, epi m pral kwit li ak de bout bwa sa yo. Epi m pral manje l, mwen menm ak pitit gason m lan, epi pou n mouri. Se tout sa m genyen.”

¹⁰⁸ Alò, kisa nou tande, apre sa? “Men, prepare ti moso gato a pou mwen, anvan.” Bondye, an premye. Sa nenpòt lòt moun di pa gen enpòtans, nenpòt sa l ye a, nenpòt prèv la, nenpòt jan li sanble li fè nwa, nenpòt sa l ye a, pran Bondye, an premye. Pawòl Li, an premye.

¹⁰⁹ “Doktè di ke mwen pap geri.” Men, Pawòl Li, an premye. “Mwen se yon twò gwo pechè. Mwen se yon jenès. Mwen se yon azaryen. Mwen se yon tafyatè.”

Pawòl Bondye, an premye. “Menm si peche nou yo ta wouj tankou san, yo va vin blan tankou nèj, si yo ta wouj fonce, yo va vin blan kou koton.” Bondye, dabò.

¹¹⁰ “Ale, pote yon ti gato ban mwen, anvan. Tout sa w genyen, pote l ban mwen.” Èske w vle lage l nan men L?

¹¹¹ Lavi pa mwen, tout sa ke mwen ye. Mwen gen senkant. “Èske w vle, William Branham, remèt Mwen li? Nou menm ti moun yo, èske nou vle, remèt Mwen lavi nou? Èske nou vle? Moun malad yo, èske nou ka fè sa? Èske nou ka fè M konfyans? Mete M an premye.”

112 “Pote yon moso pen nan men w, e al chache yon ti gout dlo ban mwen.” Li te gade l. Gen yon bagay ki te di l ke nonm sa te konnen de kisa li t ap pale.

Bondye konnen Pwòp brebi pa L la. “Brebi pa M yo konnen Vwa Mwen. Yo konnen si se Lekriti ou pa, si se vre ou pa.”

113 Li te retounen pou l ka obeyi. Se sa ou dwe fè. E lè li te retounen pou li obeyi a sa pwofèt la te di l fè a, se konsa yon loraj te pran gwonde nan Syèl la, ke tout moun ta renmen tande. Paske vwa pwofèt la te gwonde tankou yon loraj, ke chak pechè ak chak moun malad ta renmen tande, “MEN PAWÒL SEYÈ A.”

114 Jan nou renmen tande Sa! Jan gen moun ki renmen mete yo nan antre kay mwen an, pou di: “Vin devan pòt sa. Pitit fi m lan nan yon tèl eta. Ti bebe m lan, o lala, si tèlman ba. Fè jis pwononse lapawòl.” Kijan ou ka fè di l anvan li vin nan bouch ou? Konsa se va pawòl pa w. Men yo renmen tande sa a: “MEN PAWÒL SEYÈ A.”

115 Men li ki t ap vini, pou l travèse kloti a, paske li t ap obeyi. Epi tristès te disparèt. “MEN PAWÒL SEYÈ A. Barik farin frans lan ak ti boutèy lwil oliv la pap janm vid jouk jou mwen menm Seyè Bondye a m a fè lapli tonbe sou latè ankò.” O, ala yon konsolasyon!

116 Li te prepare gato a. Li te bay pwofèt la l. Li te retounen epi li t al prepare pou pitit li a ak li menm. Epi yo te manje ak bwè, anpil, sou tè a.

117 Ki kote sa te soti? Kouman li te fè rive la a? Syantifikman di m ki kote farin sa a soti. Ki kote lwil sa a soti? Kouman li te fè antre nan krich la? Li te vide l blanch, chak maten. Li te vide barik farin lan, chak maten, e li te blanch. Men lè li te retounen pou l pran ankò, te genyen. Ki kote l te soti? Kwè Bondye sou Pawòl Li. Ou dwe sèten de Bondye. Li se Kreyatè a.

118 Ou ka petèt pèdi sante w. Ou ka petèt pèdi fratènite ou. Kwè L sou Pawòl Li. Ou dwe sèten ke Li se Bondye. Moman tris yo ki sanble tabli kò yo la kounye a ka pa sanble yo sitèlman tris si ou pran Pawòl Li epi ou sèten ke Li se Bondye.

119 Mwen te wè yon tablo, yon fwa, nan peyi Lalmay, e sa toujou rete nan tèt mwen. Yon atis pent Alman te pentire . . . yon tablo ki—ki te rele “Peyi Nyaj Yo.” E lè w kanpe yon bèl distans, pou w gade l, se nyaj ki gen aparans tristès ki pi tèrib ke w te ka wè. Se jis yon bann nyaj ki makonnen ansanm, lè w kanpe yon bèl distans pou w gade l. Men lè w fè sa ou apwoche vrèman bò kote l, li chanje. Se yon pakèt zèl Anj k ap bat ansanm, k ap chante alélouya pou Seyè a. Kifè se sa tristès ye pafwa. Si w kanpe yon bèl distans pou w gade l, li parèt tris epi li fè nwa. Men pran Bondye sou Pawòl Li epi ou dwe sèten ke Li se Bondye, epi fè sa ou apwoche bò kote l, ou va wè se jis yon pakèt zèl Anj k ap bat ansanm.

¹²⁰ Li te yon jan tankou Abraham, apèl li se te bay tout sa l te genyen, pou l te blayi l sou lotèl sakrifis la. Petèt ke se yon apèl konsa ou resevwa, maten an. Sispann manyè w yo. Sispann tèt di. Renonse ak tout sa w genyen. Epi pran Lwil la ak Pawòl la, melanje Sa ansanm, epi mete L sou lotèl sakrifis pèsonèl la. Ou va wè ke, Sa va rele Bondye sou sèn nan, menm jan ke m kanpe dèyè chè sa a.

Panse sou sa pandan n ap lapriyè.

¹²¹ Èske w gen yon bezwen jodi a? Èske w genyen yon bezwen ki depase sa kò w ka sipòte? Èske lajan an tèlman piti ke w pa menm kapab peye lwaye kay ou? Èske ti moun yo bezwen soulye nèf, epi ou pa menm genyen lajan pou w achte yo? Èske barik la vid lakay ou, epi krich la prèske vin sèch? Ou pa ka achte manje pou bèt ou yo? Epi, la a, gen yon bagay ki pa mache? Sonje, Li te fè yon pwomès.

¹²² Èske ou malad, epi doktè a di ke w bezwen opere? Ou pa gen lajan pou w fè l? Ou nan bezwen.

¹²³ Èske w se yon pechè? Èske bezwen w lan si tèlman gran, ke w konnen si Bondye ta rele w jodi a, ou t ap pèdi? Èske w se yon retwograd k ap kouri pou Bondye? E ou konnen ou fè pati yon legliz, men ou konnen ke ou pa kòrèk? Pwòp konsyans ou di w, ke w pa kòrèk, dapre Pawòl la. E ou nan bezwen. Pa kite pawòl sa yo tonbe nan teren ki gen pikan yo, oswa sou wòch, nan kè ki tankou wòch. Ke yo tonbe nan yon bon teren, ki fètil.

¹²⁴ Si ou malad epi ou . . . doktè a di ke w pap geri, e ou pwomèt Bondye ke w va sèvi L chak jou nan vi ou, e ou sèten ke Li se Bondye, vin ranpli kondisyon Li. Si w gen yon bezwen, èske w ka fè jis leve men w tou dabò devan Bondye, kòm kwa ou gen yon bagay ke w bezwen? Ke Bondye beni w.

Annou priye.

¹²⁵ O Seyè, menm jan mwen sèten ke mwen kanpe dèyè chè sa a maten an, mwen konnen ke pa gen youn nan men sa yo ki leve la a san ke Ou pa konn sa, paske Ou se Bondye. Ou di: “Èske yo pa vann ti zwazo de pou senk kòb? Nou vo pi plis pase anpil ti zwazo!” Konbyen fwa plis Ou te wè men moun mòtel sa yo, ke Pitit Ou Jezi te mouri pou yo a! Konbyen fwa plis Ou te wè men yo ke Ou ta ka wè yon ti zwazo, si l ta tonbe maten an! Mwen sipoze ke . . . yon douzèn ti zwazo pap menm vann senk kòb maten an, paske pa gen moun ki vle yo. T ap gen pwoblèm antere yo a. E poutan Ou konnen yo chak; Ou konnen chak plim ki sou kò yo. Ou konnen chak branch cheve ki nan tèt nou.

¹²⁶ O Seyè, reponn priyè nou. Fè ke yo sèten, maten an, ke Ou se Bondye, e ke Se Lespri Ou. Ke pwa lou ak tout espektak relijyon tan modèn sa a soti nan yo, lè y ap di: “O, mwen fè pati tèl legliz.” Bondye, fè sa disparèt nan panse yo, kounye a la a. Ke yo genyen yon ti apèsi sou Lavi Etènèl, nan moman sa a menm. E konsa yo

va chache L e yo va grangou pou Li, pou yo konnen kisa Bondye ye, epi yo sèten ke Li egziste. Li kenbe Pawòl Li.

127 Pou pechè yo menm, ke yo repanti rapidman, prè pou batèm nan Non Jezikri a. E Ou te pwomèt ke Ou va bayo SentEspri a. Ou te di l, Seyè. Ou kenbe pwomès Ou.

128 Gen retwoograd la a ki sèten ke Ou se Bondye, e yo te elwaye yo. Ke yo vini jodi a, paske Ou di: “Menm si peche nou yo ta wouj tankou san, yo va vin blan tankou nèj. Si yo wouj fonsè, yo va vin blan kou koton.”

129 E si genyen sa yo ki malad, ke yo realize ke Ou se Bondye. Ou kenbe Pawòl Ou. Ou dwe kenbe Pawòl Ou. Alò ke yo abandone tout yo menm, avèk Lwil pa yo, Lespri ki nan yo k ap konfese ke yo kwè. Epi, menm jan an tou, avèk Pawòl la, Pen Lavi ki te bay la, Kris; ki te moulen pou yo, nan Ansyen Testaman an; ak Nouvo Testaman an, pou montre ke Li se menm ayè, jodi a ak pou toutan. Ke yo melanje Pawòl sa ak Lwil la, Lespri a, ke yo genyen an, epi fè yo kanpe sou pye yo devan lotèl la, pou yo di: “Se tout sa mwen genyen, Seyè. Men li.”

O, konbyen Ou va fè l vin pi plis! Konbyen sa va fè Bondye ki nan istwa a va antre nan sèn nan! Konbyen sa va fè Jewova leve, avèk yon kè ranpli ak emosyon, pou di: “Mwen gen yon pitit k ap obeyi Mwen. Mwen te fè l sibi tès la, e li pwouve M ke li renmen M e ke li kwè nan Mwen. Li sèten ke Mwen egziste.” Paske li ekri ke: “Moun ki vle pwoche bò kote Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k ap rekonpanse tout moun k ap chache Li.” Fè sa, nan lè sa a, alò ke nou remèt Ou l.

130 Bon, kounye a, pandan ke tèt nou bese a. E sa yo ki gen kèlkeswa bezwen an, èske w ta vle leve kanpe, sa yo ki vle depoze . . . Bon, si ou pa sèten ke Li se Bondye. . . Si ou sèten ke Li se Bondye, ke Li pral kenbe pwomès Li, sove moun, geri moun, kèlkeswa sa l ye a, si ou sèten ke Li se Bondye, leve kanpe sou pye w. Si w genyen yon lòt moun ou vle yo priye pou li, leve kanpe sou pye w. Si ou—si ou sèten ke Li se Bondye, fè demann ou an nan asanble sen yo. W ap fè sa alò ke w ap leve kanpe sou . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

“Mwen sèten ke Li se Bondye. Mwen kwè ke Li kenbe Pawòl Li. E mwen sèten ke demann mwen an. . . M pral mete l anba San an, kounye a la.” Si w fè sa, depoze tout peche. Tout peche se enkredilite. Ou kapab yon manm legliz, men m vle di peche, “enkredilite” pa w. W ap depoze l tankou yon sakrifis. Ou pral sakrifye l. Ou rive nan kwa a. Ou pral sakrifye, kounye a, tout enkredilite w yo. E w ap lage l ba Li, ak konnen ke Li egziste, e ou sèten ke Li pral reponn. Si w konsa, leve men w. Rete konsa.

131 Seyè, Ou se Bondye. Men Lwil yo ak Mayi yo, melanje ansanm. Y ap pote L sou kwa a, kote Dife Bondye va tonbe nan kè yo (si yo vrèman serye) epi boule sakrifis sa a. Ou va antre an sèn,

pou monte nivo dlo a ki ba. Ou va desann sot nan Syèl, sou yon charyo Dife. Ou va sekwe tout syèl la ak tè a, pou rekonpanse yo.

¹³² Pandan yo kanpe ak men yo leve anlè, pou yo montre ke yo kwè, e ke yo depoze pwòp tèt yo yo menm, ak tout demann ke yo genyen, jis sou lotèl Ou a. O Bondye Syèl ak tè a, Jij Syèl ak tè a, se sèten ke Jij Syèl ak tè a ap rann jistis. Se sèten L ap kenbe Pawòl Li, Ou menm Ki konnen kè lèzòm, kè fanm yo, kè moun sa yo.

¹³³ Bondye Seyè, m leve pwòp men pa m, paske m konnen ke m genyen yon chanjman nan ministè m kounye a. E mwen kwè ke Ou egziste. Mwen te wè Ou kanpe laba a nan yon Kolòn Dife. [Frè Branham frape twa fwa sou chè a—Editè a.] Mwen dejà wè Ou ap sonde sekrè ki nan kè lèzòm. Ou pa janm fayi menm yon sèl fwa. Ou te pwomèt li lè Ou te fè sa laba a, lòt bò lari a la a, lè Ou te fè k kòmanse ap fè bagay sa yo. E Ou te pwoteje m toupatou nan lemonn, e toupatou, ak toupatou. Mwen sèten ke Ou se Bondye. Mwen sèten de sa.

¹³⁴ Mwen ofri tèt mwen ak moun sa yo, e mwen sakrifye tout sa mwen posede, Seyè, pou Ou, pou fè sèvis Ou. M ap rekòmanse ale ankò toupatou nan lemonn, Seyè. Ede m, O Bondye. Si m te doute de Ou nenpòt lè a, padonnen peche m yo. Padonnen enkredilite mwen. Mwen konnen ke Ou egziste, e ke W ap rekonpanse tout sa yo k ap chache W.

¹³⁵ Konsa tou, mwen konfese peche pèp mwen yo, maten an, feblès ak dout yo, pandan ke yo kanpe ak men yo anlè. Mwen konfese peche yo, Seyè, ak tout feblès nou. Voye SentEspri a sou nou, avèk so apwobasyon W nan, ke Ou se Bondye. E Ou isi a la pou resevwa nou, e pou pran nou nan bra W, epi pou rachte nou ak tout sa ke nou te pèdi. Si se sante nou, ke li tounen vin jwenn nou san fwa plis. Si se nanm nou, ke li tounen vin jwenn nou tankou yon bagay k ap fleri, k ap klere, ki ranpli ak SentEspri a, pou prezante devan Bondye. Si se enkredilite, ke li retounen vin jwenn nou ankò, Seyè, avèk lafwa pou fè mòn yo chanje plas. Fè sa, Seyè.

¹³⁶ Nou kwè ke W ap bouje, SentEspri a ranpli tout bilding nan, ap deplase anlè tèt moun yo, epi nan kè yo, pou fè yo aksepte Bondye vivan an. Nou fè sa konsa nan Non Jezikri.

M ap gade Ou ak fwa,
 Agno Bondye sou bwa a,
 Sovè si dou;
 Koute mwen lè m priye,
 Lave m nan tout peche,
 Depi jodi mwen vle
 Mwen tout pou Ou.

¹³⁷ Èske ou serye? Èske ou resevwa l? Leve men w, di: “Mwen aksepte l kounye a. Mwen kwè.”

Ténèb kouvri chemen m,
 Doulè patou kote m,
 Gid mwen se Ou;
 Fè nwa tounen limyè,
 Wete kriye doulè,
 Pa janm lese m kite
 Bò kote Ou.

Annou bese tèt nou.

¹³⁸ Apre Mesaj sevè, epi tranchan sa a; di, epi ki te preche yon fason brital, men se Laverite. Men si ou kwè sa ou mande a avèk imilite, e ke ou resevwa l, piga ou janm kite anyen elwaye w de wout dwat sa a. Kanpe la menm. Kèlkeswa jan m ta preche a, kèlkeswa sa m ta fè a, oswa kèlkeswa sa yon nonm ta fè a, li pap janm abouti jiskaske ou aksepte l kòm pwopriyete pèsonèl pa w.

¹³⁹ Si w kwè sa ak tout kè w, tout sa ke w vle, si w konfese peche w yo, Bondye padonnen w. Piga w janm gen dout sou sa ankò. Si ou se yon retwograd, ou retounen nan plas ou, maten an. Si w bezwen SentEspri a, alò resevwa batèm ou nan Non Jezikri pou padon peche w. Sa se Pawòl Bondye. Li pap chanje L pou ankenn legliz, ankenn denominasyon, oswa ankenn lòt moun. Se konsa sa dwe ye. Nou dwe ranpli kondisyon Li yo, pa kondisyon legliz yo, kondisyon pa Li. Se sa ke nou dwe fè.

¹⁴⁰ Li di: “Lapriyè ki fèt ak lafwa ap sove malad la.” Si ou malad, mwen priye ak lafwa pou ou. Ou te priye nan pwòp kè w. Alò kwè l, aksepte l, kanpe fèm sou sa. Se konsa sa dwe ye. Anyen pa ka pran l, menm si sa parèt tris.

¹⁴¹ Ou va di: “Enbyen, li sanble ke m malad toujou.” Se pa . . . Se jis yon pakèt zèl Anj ki rasanble ansanm. Se tou. Se Bondye ki pran fòm yon benediksyon. Pou ou menm, sa parèt tris. Apwoche pi pre li epi gade l ankò, gade pou wè si se pa Bondye ki kanpe la a, k ap kenbe Pawòl Li.

¹⁴² Bon pandan tèt nou bese a, m pral remèt sèvis la bay Frè Neville, pastè nou an.



OU DWE SÈTEN DE BONDYE CRE59-0125
(Be Certain Of God)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch maten 25 janvyè 1959, nan Branham Tabernacle ki Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org